



PWOGRAM ASISTANS LWAYE VIL EVERETT

Pwogram Asistans Lwaye Vil Everett la fèt pou bay sipò finansye tanporè pou rezidan ki kalifye yo k ap fè fas ak difikilte finansye ke pandemi an te koze epi ki gen difikilte pou yo peye lwaye yo. Pwogram sa a ofri yon sèl peman \$5,000 pou ede ak aryere (jiska \$5000), lwaye aktyèl la ak/oswa obligasyon lwaye nan lavni. Asistans ale jwenn pwopriyetè kay la dirèkteman nan non lokatè a. Lajan yo pral distribye sou yon baz sa ki vin anvan, ap jwenn anvan. Sa ki vin annapre yo se direktiv espesifik yo, kritè kalifikasyon, ak kondisyon aplikasyon pou pwogram lan.

PWOSESIS APLIKASYON

Tanpri soumèt fòm ki ranpli a ansanm ak tout dokiman obligatwa yo nan:

City of Everett

Office of Planning and Community Development

484 Broadway, Everett MA, 02149

Ou ka voye aplikasyon ou pa imèl tou nan:

Everett-RentalAssistance@ci.everett.ma.us

Aplikasyon an ta dwe tann yon repons nan 30 jou ouvrap apre li soumèt aplikasyon an ak tout dokiman yo.

Si aplikasyon an apwouve, gen posiblite ke gen yon reta pou voye chèk la akòz sik faktirasyon vil la.

Moun k ap aplike ki ap viv nan yon kay lavi sob nan Vil Everett dwe premye aplike pou bous Everett Recovery Connection (ERC) atravè Depatman Sante Vil Everett. Kantite lajan maksimòm total ki disponib atravè pwogram Asistans Lwaye Vil Everett ak bous ERC la se \$5,000.00.

Asistans ki bay atravè pwogram “City of Everett Rental Assistance” (Asistans Lwaye Vil Everett) la gen entansyon ofri sipò, men li pa asire ke l ap ede evite aksyon legal ki gen rapò ak lokasyon. Vil Everett pa responsab okenn pwosedi pou mete moun deyò epi li pa garanti ke resevwa asistans ap anpeche yo mete w deyò.

DIREKTIV POU KALIFYE

1. Kondisyon pou Rezidans:

- Aplikasyon yo dwe se rezidan aktyèl Vil Everett, Massachusetts. Prèzidans obligatwa (pa egzanp, bòdwo sèvis piblik, akò kontra lwaye).

2. Kondisyon pou Revni:

Revni fwaye a **pa dwe depase** 65% Revni Median Zòn lan (AMI) jan ke US Treasury defini l. Yon ‘fwaye’ defini defini kòm yon endivid oswa de oswa plis moun ki abite regilyèman nan kay la kòm rezidans prensipal yo epi ki gen yon relasyon pa le san, maryaj, lalwa, oswa ki otreman pwouve yon relasyon entè-depandan, estab.

AF 2025 Limit Revni pou Boston-Cambridge-Quincy, Zòn MA-NH HUD Metro FMR, pou nivo limit revni 65% an se.

- **1 moun:** \$75,270



City of Everett



Department of Planning & Development

- 2 moun: \$86,060
- 3 moun: \$96,785
- 4 moun: \$107,550
- 5 moun: \$116,155
- 6 moun: \$124,735
- 7 moun: \$133,315
- 8 moun: \$141,960

3. Kondisyon pou kontra lwaye a: Ou dwe montre egzistans lwaye ak YOUN nan sa yo:

A	B	C
Akò lwaye aktif pou yon kay lwaye nan vil Everett. Kontra lwaye a dwe sou non aplikan an epi li dwe date de omwen yon mwa anvan aplikasyon an	Akò lwaye. Nenpòt akò lwaye dwe gen ladan: • Montan lwaye chak mwa • Adrès kay ki lwe a • Siyati pwopriyetè ak lokatè • Li dwe gen ladann dat li kòmanse ak dat l ap fini a lavni (oswa dat fen ki te pase, toutotan gen yon langaj sou yon kontra lwaye mwa pou mwa apre sa oswa yon tèm kontra lwaye k ap renouvle tèt li. (*Mèt kay la pa dwe ap viv tou nan apatman ke yo lwe lokatè a)	Afidavi ki siyen (modèl lan tache) ki gen ladann siyati alafwa aplikan an ak pwopriyetè kay la AK kopi rejis lwaye oswa chèk lwaye anile oswa money order ki endike klèman ke peman an se pou lwaye a.

DOKIMANTASYON EGZIJE:

- Prè idantifikasyon lokatè/aplikan: lisans chofè, paspò, kat idantite eta a, Charlie card MBTA pou moun aje, oswa kat militè ameriken.
- De dènye souch chèk peman pou tout moun nan fwaye a k ap travay ki gen plis ke 18 an. Evidans pou nenpòt lòt sous revni si sa aplikab. (chomaj, sipò timoun, pansyon alimantè, pansyon/retrèt, benefis andikap, asistans Veteran, asistans piblik (TAFDC/TANF oswa EAEDC). Si w se yon travayè endepandan, tanpri bay deklarasyon pwofi ak pèt aktyèl pou ane a jiska dat. **Yo va evalye revni yo sou yon baz ka pa ka, epi Vil Everett rezève dwa pou mande souch chèk peman adisyonèl si sa nesèsè.**
- Prè sitiyasyon elèv aplentan (si sa aplikab)
- De dènye deklarasyon bankè ki soti nan chak kont sa yo pou tout moun nan fwaye a: kont chèk, kont epay, mache monetè, tout kont ki bay enterè, sètifika depo, kont envestisman.
 - Fon yo kenbe nan kont retrèt yo ki gen entèdiksyon sou yo p ap konte nan limit byen yo.
- Kopi kontra lwaye a ki pwouve montan lwaye a chak mwa epi ki gen dat omwen yon mwa anvan aplikasyon an **OSWA** kontra lwaye **OSWA** yon afidavi siyen ki gen ladann siyati alafwa aplikan an ak pwopriyetè kay la AK kopi rejis lwaye a oswa yon chèk lwaye anile ki byen klèman endike peman an se pou lwaye a.



City of Everett



Department of Planning & Development

- ARPA SLFR Beneficiary Memorandum of Understanding (Fòm sa a konekte ak aplikasyon an).
 - Conflict of Interest Questionnaire (Fòm sa a konekte ak aplikasyon an).

 - **Akò Mèt Kay:**
 - Mèt kay la dwe siyen akò a epi bay enfòmasyon kontak li.
 - Mèt kay la dwe soumèt tou yon fòm W-9 avèk akò a.
 - Chèk asistans pou lwaye ki nan yon montan \$5,000 pral voye ale pa lapòs nan adrès mèt kay la ki endike sou akò a epi yo va kouvri lwaye lokatè a.
- Mèt kay la oblije bay prè nan espas 30 jou apre li resevwa chèk la ke peman an te aplike.**

Eksklizyon:

- Rezidan k ap resevwa sibvansyon federal oswa leta pou lwaye kounye a, tankou Seksyon 8, Massachusetts Rental Voucher Program (MRVP).
- Rezidan ki te deja resevwa asistans nan men “Everett Matters Covid Aid” nan 6 mwa.
- Aplikan ki gen plis pase \$40,000 kòm byen likid.
 - **Byen likid yo** se lajan ki ka retire san yon penalite enpo. Sa yo gendan, men yo pa limite a kont bankè (chèk/depay/CD mache monetè, aksyon ak kont koutaj (egzanp aksyon ak obligasyon). Kont restriksyon tankou IRA, 401(k)s, 403(b)s ak 457(B)s ak 529 kont edikasyon yo pa byen likid.

KRITÈ REJEKSYON

Aplikasyon yo ka rejte, oswa jije pa kalifye, si yo satisfè nenpòt nan kritè sa yo:

- Enkonplè, fo, oswa san fondman
- Aplikasyon kote revni fwaye a depase HUD 65% AMI la.
- Aplikan yo pa ka satisfè youn oswa plizyè nan Direktiv Kalifikasyon Minimòm ki endike anlà a.
- Aplikan yo ak referans ki esifizan nan men pwopriyetè, tankou vyolasyon kontra lwaye oswa kontra lwaye ki te fèt anvan, oswa endikasyon konfli ak jesyon oswa lòt rezidan.



City of Everett



Department of Planning & Development

APLIKASYON POU ASISTANS LWAYE

Tanpri ranpli aplikasyon an anliy nan [OpenGov.com](https://www.opengov.com) oswa voye aplikasyon an pa lapòs oswa depoze aplikasyon ki ranpli a nan bwat a lèt ki deyò Meri a:

City of Everett, Planning & Community Development Department

484 Broadway

Everett, MA 02149

Tanpri remake, nou p ap konsidere aplikasyon ki pa konplè yo.

Kesyon?

Si w gen nenpòt kesyon konsènan Pwogram City of Everett Rental Assistance lan, oswa konsènan ranpli aplikasyon sa a, tanpri kontakte ekip Depatman Planifikasyon imel nan: **Everett-RentalAssistance@ci.everett.ma.us**

1. ENFÒMASYON SOU APLIKAN

Non Applikan:		
Adrès:		
Adrès kourye si li diferan de sa anlè a:		
Enfòmasyon Kontak:		
Lang Prefere:		
Kantite moun ki nan fwaye w (enkli timoun yo):		
Èske w ap viv aktyèlman nan kay sibvansyone?	Wi	Non
Te resevwa asistans nan men “Everett Matters Covid Aid” nan 6 dènye mwa yo?	Wi	Non

*Dokimantasyon obligatwa: Prè idantifikasyon

Èske oumenm oswa nenpòt moun fwaye w te jwenn lòd degèpisman, nan yon kay federal oswa leta, lojman piblik ladann tou, pou nenpòt rezon ki entèfere ak sante, sekirite oswa dwa pou lòt rezidan pou yo jwi ak lapè kote ke yo rete a nan 2 dènye ane yo?

Si se wi, bay non, dat, ak detay sou chak evènman?

--



City of Everett



Èske w ap resevwa nenpòt nan bagay sa yo?

	Seksyon 8 Mobile Vawchè	Seksyon 8 Pwojè Vawchè	MRVP	MRVP baze sou Pwojè	HomeBase
Tip de asistans	☐	☐	☐	☐	☐

2. ENFÒMASYON LWAYE

***Dokiman ki obligatwa: yon kopi kontra lwaye a ki pwouve montan lwaye a chak mwa epi ki date omwen yon mwa anvan aplikasyon an OSWA kontra lwaye a OSWA afidavit siyen ki gen ladann alafwa siyati aplikan an ak mèt kay la AK kopi rejis lwaye a oswa yon chèk lwaye anile oswa yon money order ki endike klèman ke peman an se pou lwaye a.**

Adrès Kay Lwaye a:	
Dat kontra lwaye a kòmanse:	Dat kontra lwaye ap fini (si sa aplikab):
Non Mèt Kay/Jesyonè Pwopriyete:	
Adrès Mèt Kay/Jesyonè Pwopriyete:	
Enfòmasyon Kontak:	
Telefòn:	Imel
Pri lwaye- \$	
Èske w dwe nenpòt aryere?	

Tanpri asire ke w toujou ap tcheke adrès imel ou te bay la. Si w genyen prim asistans lan, n ap voye yon akò Vil la nan adrès imel sa a. Nou va bezwen ke w siyen akò a epi retounen l ban nou san pèdi tan pou nou kapab voye yon peman.

3. MANM FWAYE YO AK ENFÒMASYON SOU TRAVAY

Kòmanse ak aplikan an, tanpri fè lis tout moun ki pral abite nan kay la.

Bay tout enfòmasyon sou revni/salè ki anba a pou tout moun nan fwaye a. Revni sa a ka gen ladan, men se pa sa sèlman, revni travay, revni travay endepandan, konpansasyon chomaj, sekirite sosyal, revni andikap, pansyon alimantè, pansyon, revni gadri, elatriye

Ekri “Okenn” anba a si w pa gen revni. Si yon manm nan fwaye a ki poko gen 18 an se yon etidyan ap lantan epi li travay a tan pasyèl sèlman, nou pa konte revni li nan revni total fwaye a. Tanpri sonje ke prèv sitiyasyon elèv ap lantan yo obligatwa.

* Dokimantasyon obligatwa: De dènye souch peman chèk pou tout moun ki travay nan kay la ki gen plis pase 18 an. Prèv nenpòt lòt sous revni si sa aplikab. (chomaj, sipò timoun, pansyon





alimentè, pansyon/retrèt, benefis andikap). Si w se yon travayè endepandan, tanpri bay deklarasyon pwofi ak pèt aktyèl la. **Nou va evalye revni yo sou yon baz ka pa ka, epi Vil Everett rezève dwa pou mande souch peman chèk adisyonèl si sa nesesè.**

Egzanp pou kalkile Revni

Egzanp 1: W ap viv ak mari oswa madanm ou/patnè w, pitit ou ak manman w. Nou pataje tout depans nan fwaye a. Ou menm ak mari oswa madanm ou ap travay, epi manman w ap resevwa SSI. Touletwa revni yo dwe enkli.

Egzanp 2: Ou rete ak de timoun adolesan. Pitit ou yo travay a tan pasyèl. Sepandan, yo enskri nan lekòl segondè aprentan. Revni yo pa konte, kidonk se sèlman revni pa w ke w dwe enkli.

Egzanp 3: Ou abite ak mari oswa madanm/patnè w ak yon timoun adilt ki travay aprentan epi ki pa enskri nan lekòl. Oumenm, mari oswa madanm ou ak pitit adilt ou an gen revni travay ki kontribye nan lwaye ak depans nan fwaye a. Revni nou touletwa dwe enkli.

Egzanp 4: W ap viv ak 2 kolokatè. Nou chak peye yon pòsyon nan lwaye ke nou responsab la endividyèlman epi nou chak kontribye separeman nan lòt depans nan kay la. N ap aplike kòm yon sèl moun. Nou dwe mete revni pa nou sèlman.

Egzanp 5: Ou resevwa benefis chomaj chak semèn donk nou dwe mete sa nan kalkil total revni fwaye nou an.

Manm fwaye	Dat nesans	Sous Revni	Longè tan travay/ w ap resevwa asistans lan	Revni Anyèl Brit

4. BYEN

Dokiman obligatwa: De dènye deklarasyon bankè ki soti nan chak kont sa yo pou tout moun nan kay la: kont chèk, kont epay, mache monetè, tout kont ki bay enterè, sètifika

Manm fwaye	Tip de kont	Bank lan	Balans Aktyèl

depo, kont investisman yo.





5. SÈTIFIKASYON

Mwen/Nou konsa afime ke repons nou a kesyon ki anlè yo se laverite epi yo kòrèk, ke mwen/nou pa te kenbe okenn fè oswa sikonstans pa espere ki ta kapab, si yo te divilge, afekte aplikasyon sa a de fason defavorab. Mwen/Nou bay otorizasyon pou fè demann yon fason pou verifye enfòmasyon yo ki te bay nan aplikasyon sa a.

1. Revni brit fwaye mwen pou 30 dènye jou yo te _____

2. Mwen enkli nan revni total brit mansyèl la tout sous yo tankou:

- ☐ Kantite total revni brit nou touche anvan enpo ak dediksyon.
- ☐ Revni nèt nou touche nan operasyon yon biznis, sa vle di, revni total mwens depans fonksyonman biznis yo. Sa a gen ladan tou nenpòt retrè lajan kach nan biznis la oswa pwofesyon pou itilizasyon pèsònèl nou.
- ☐ Enterè mansyèl ak revni dividann ki kredite nan kont bankè yon aplikan epi ki disponib pou itilize.
- ☐ Nenpòt peman mansyèl nan plas salè yo, tankou chomaj, pansyon alimantè, pansyon, pansyon/retrèt, benefis andikap.
- ☐ Lòt: _____
- ☐ Si se yon peryòd tan ki pi long bay yon refleksyon pi egzak sou revni aktyèl la, tanpri eksplike poukisa: _____

Non Aplikan: _____

Siyati Aplikan: _____

Dat: _____

FOR STAFF USE ONLY

Application received on:

City Staff Initial:



City of Everett

MEMORANDÒM KONPREYANSYON BENEFISYÈ ARPA SLFRF

Ant
CITY OF EVERETT
ak

_____[Benefisyè/ Aplikasyon Non & Non Fanmi]

AKÒ SA A fèt ant Vil Everett (ki rele "Vil" pi devan), ak _____ (ki rele "Benefisyè" pi devan) atravè Pwogram Asistans pou Lwaye Vil Everett (ki rele "Pwogram" pi devan). Finansman an bay atravè Lwa Plan Sekou Ameriken an (ARPA) Fon Rekipirasyon Fiskal Eta ak Lokal (SLFRF) anba Nimewo Lis Asistans Federal (ALN): 21.027

ALÒSKE, Vil la se "Benefisyè" ARPA SLFRF la epi _____ se "Benefisyè" ARPA SLFRF la; epi

ALÒSKE, Benefisyè a te reprezante tèt li kòm yon rezidan ki afekte ki kalifye ki se

- Se yon rezidan aktyèl nan Vil Everett;
- Li demontre difikilte finansye ki koze pa pandemi an atravè pwosesis aplikasyon an, ke Trezò a defini "afekte" kòm gen yon revni fwaye ki pa plis pase 65% nan Revni Medyan Zòn lan pou Zòn Estatistik Metwopoliten Boston-Cambridge-Newton, MA-NH;
- Li bay Vil la dokiman finansye ki egzist ak vre pou verifye enpak pandemi an sou sitiyasyon finansye yo;
- Li pa resevwa lòt fon federal, leta, oswa lokal pou menm enpak la oswa bezwen ki kouvri anba sibvansyon benefisyè sa a nan limit ke pa gen yon bezwen finansye ki pa satisfè ankò; epi
- Li pa gen yon konfli enterè reyèl oswa aparant nan resevwa fon sa yo nan men vil la.

ALÒSKE, montan sibvansyon benefisyè a ki bay se senk mil dola (\$5,000.00); epi

ALÒSKE, nan dat 11 mas 2021, Prezidan Joseph R. Biden te siyen Lwa Plan Sekou Ameriken 2021 an (ki rele "ARPA" apre sa); epi

ALÒSKE, nan dat 6 janvyè 2022, Depatman Trezò Etazini (ki rele "TREZÒ Etazini" pi devan) te pibliye Règ Final la konsènan itilizasyon otorize Fon Rekipirasyon Fiskal Eta ak Lokal Kowonaviris yo (ki rele "SLFRF" pi devan) ki disponib anba ARPA a; epi

ALÒSKE, anba seksyon 602(c)(3) ARPA a, Vil la ka transfere lajan bay yon antite prive ak yon antite ki afekte pou atenn objektif ARPA yo; epi

ALÒSKE, Akò sa a gen entansyon asire ke lajan ARPA yo itilize an akò avèk tout egzijans pwogram ARPA a, règleman fiskal Vil la, règleman SLFRF yo, ak tout lòt lwa eta ak federal ki aplikab yo.

KOUNYE A, KIDONK, an konsiderasyon lajan SLFRF yo bay Benefisyè a pou Itilizasyon/Objektif jan sa endike la a, pati yo kounye a vle fòmalize ak memorize konpreyansyon mityèl yo konsènan tèm ak kondisyon sibvansyon an ki te dakò sou yo.

OBJEKTIF

Objektif Akò sa a se pou komemore sibvansyon Benefisyè a te bay _____ pou asistans lwaye atravè Pwogram Asistans Lwaye Vil Everett la. Asistans ki bay atravè pwogram nan gen entansyon pou ofri sipò men li pa garanti pou evite aksyon legal ki gen rapò ak lwaye. Vil la pa responsab pou okenn pwosedi pou mete deyò epi li pa garanti ke resevwa asistans ap anpeche yon degèpman.

EGZIJANS POU ASIRE KONFÒMITE AK ARPA

_____} pral siyen epi konprann tout dokiman pwogram ki gen rapò ak yo, tankou Akò Pwopriyete a. Dokiman sa a gen ladan devwa pwopriyete a oswa antite lokasyon an egzije, tankou: nan 30 jou apre li fin resevwa lajan sibvansyon an, Pwopriyete a/ Antite Lokasyon an dwe bay yon rezime itilizasyon, pa deskripsyon ak montan, nan finansman sibvansyon total ki te akòde a. Rezime a dwe sou papye antet òganizasyon an epi siyen pa yon siyate otorize oswa trezorye epi deklare ke lajan yo te itilize sèlman pou depans elijib ki te dakò sou yo.

TAN PÈFÒMANS

Dire Akò sa a ap kòmanse lè tout pati yo fin siyen l epi li fini lè Benefisyè a fin soumèt rezime itilizasyon lajan li bay Vil la.

RESPONSABILITE AK DEVWA

Benefisyè a ap itilize lajan ki akòde a pou kouvri lwaye ki anreta, lwaye aktyèl, oswa obligasyon lwaye nan lavni, avèk konpreyansyon ke asistans ki bay la se yon peman yon sèl fwa epi li pa konstitye sipò lwaye kontinyèl. Patisipasyon nan Pwogram lan pa anpeche Pwopriyete a pouswiv rekou legal pou vyolasyon kontra lwaye a.

Benefisyè a dakò ke si tout oswa nenpòt pati nan sibvansyon an pa itilize pou itilizasyon/bi ki te deklare a, sibvansyon an ap anile otomatikman, epi Benefisyè a dwe, lè Vil la resevwa yon avi alekri, remèt tout lajan li te resevwa anba sibvansyon an imedyatman.

Benefisyè a dakò epi rekonèt ke li dwe remèt imedyatman nenpòt asistans finansye li te akòde ki jije kòm doub nenpòt lòt finansman Federal, Eta, oswa Lokal ki te ka resevwa pou menm enpak ak/oswa itilizasyon sibvansyon sa a.

RELASYON ANT PATI YO

Pa gen anyen konsènan administrasyon itilizasyon/bi a ki dwe entèprete kòm kreye yon antrepriz ansanm oswa yon relasyon travay ant Vil la ak Benefisyè a oswa nenpòt nan reprezantan li yo.

Pa dwe gen okenn enplikasyon oswa konklizyon nan sibvansyon sa a ke Vil la pral bay Benefisyè a nenpòt lòt sibvansyon pou rezon sibvansyon sa a. Nenpòt desizyon sibvansyon nan lavni ap nan diskresyon sèl ak absoli Vil la.

RANBOUSMAN

Vil la ap fè tout efò li pou peye sibvansyon sa a nan lespas 28 jou apre akò sibvansyon sa a siyen. Peman yo pral fèt pa chèk bay pwopriyete a ke Benefisyè a espesifye.

Pwen Kontak pou Vil la:

Pwen Kontak pou Benefisyè a:

Pwen Kontak pou Pwopriyete a:

AMANNMAN AK REZILISYON AKÒ A

Pati yo ka modifiye Akò sa a atravè yon akò alekri nenpòt ki lè jan yo dakò ansanm. Vil la sèlman ka mete fen nan Akò sa a pou nenpòt ki rezon avèk yon avi alekri 60 jou bay Benefisyè a. Nan ka rezilyasyon Akò a, devwa ak obligasyon yo sispann nan dat rezilyasyon an epi tout fakti ki poko peye yo dwe peye imedyatman. Benefisyè a dwe konsève tout dokiman ki gen rapò ak itilizasyon/bi a pou omwen senk ane apre dat ekspirasyon an oswa rezilyasyon an, jan sa aplikab.

Tout bagay ki tabli nan pèmi, plan, akò, ak lòt antant ant pati yo ki te fèt anvan Akò sa a ap rete an vigè nèt.

Antan ke temwen a sa, Vil la ak Benefisyè a, atravè reprezantan yo ki otorize, te siyen akò sa a nan dènye dat ki ekri anba a avèk entansyon pou yo legalman lye avèk li.

DOKIMAN KI ATACHE AK AKÒ SA A

- Gid Pwogram Asistans pou Lwaye Vil Everett, pa referans
- Demann sibvansyon, pa referans
- Fòm Konfli Enterè ki siyen
- Fòm Taks W-9 ki siyen
- Akò Pwopriyetè a

Pou VIL LA:

Pou BENEFSIYÈ A

Non:

Pa (Non):

Pa (Non):

Tit:

Tit:

Siyati:

Siyati:

Dat:

Dat:

Vil Everett ("vil")
Lwa Plan Sekou Ameriken (ARPA)
Fon Leta pou Rekiperasyon Fiskal Lokal (SLFRF)
Pwogram Asistans Lwaye

KESYONÈ SOU KONFLI ENTERÈ - BENEFISYÈ YO:

Lwa federal, eta, ak lokal entèdi anplwaye ak fonksyonè piblik vil la patisipe nan non vil la nan nenpòt tranzaksyon kote yo gen yon enterè finansye san yon Divilgasyon Konfli Enterè. Chak aplikan pou finansman ARPA SLFRF dwe ranpli epi soumèt kesyonè sa a. Objektif kesyonè sa a se pou detèmine si aplikan an ta nan yon konfli enterè potansyèl si li ta resevwa lajan nan men vil la.

1. Èske gen nenpòt manm nan fanmi aplikan an ki aktyèlman se oswa te/te ye, nan yon (1) ane apati dat aplikasyon sa a, yon anplwaye vil la, yon konsiltan vil la, oswa yon manm Konsèy Minisipal la? ☐ Wi ☐ Non

Si wi, tanpri bay non(yo) anba a:

2. Èske fon ARPA SLFRF yo, ke aplikan an mande a, pral itilize pou bay yon sou-kontra a nenpòt moun oswa afilye biznis ki aktyèlman se oswa te/te, nan yon (1) ane apati dat aplikasyon sa a, yon anplwaye vil la, yon konsiltan vil la, oswa yon manm Konsèy Minisipal la? ☐ Wi ☐ Non

3. Èske gen nenpòt manm nan fanmi aplikan an ki gen rapò ak yon anplwaye vil la, yon konsiltan vil la, oswa yon manm Konsèy Minisipal la? ☐ Wi ☐ Non

Si wi, tanpri bay non(yo) anba a:

Si w reponn "WI" a nenpòt nan kesyon ki anlè yo, vil la pral egzamine pou detèmine si gen yon konfli enterè reyèl oswa aparan.

Non Aplikan an: _____ Dat: _____

Siyati: _____